

# 3 avril

**San Jezi Kris, Pitit li a, pirifye nou anba tout peche.** 1 Jan 1. 7

**Li pa aji ak nou jan nou ta merite l la, li pa pini nou jan l ta dwe pini nou.** Sòm 103. 10

## **Lagras oswa vanjans**

Kayen ak Abèl se te pitit premye madanm ak mari ki t ap viv sou latè. Akoz jalouzi ak rayisman, Kayen touye frè li. Lè sa a, Bondye di li : “Kisa ou fè konsa ? San Abèl, frè ou, ki koule atè a, ap rele tankou yon vwa moun. Li rive jouk nan zòrèy mwen”. Poutèt li te touye Abèl, chatiman, vanjans ak retribisyon dwe vini.

San Jezi, Pitit Bondye a, te koule sou lakwa. Se te moun mechan ki te touye Jezi, epoutan, san li pap pale jodi a de vanjans. L ap pale de lagras. Jodi a ankò, ou kapab tandè vwa sa, li pote repons Bondye pou peche lèzòm.

Sou kwa a, Jezi, Pitit Bondye a, te bay tèt li kòm sakrifis pou pechè yo. Li pa te vle pou lèzòm pase anba kondanasyon sa yo merite, men pou yo jwenn lagras. Lè w refize oswa meprize gras sa a, sa vle di ou rete anba chatiman Bondye.

Kòman ou kapab resevwa gras sa a pèsònèlman ? Se lè nou rekonèt eta nou devan Bondye e pandan nou di l fot nou yo nan yon priyè sensè. Senyè Jezi te di : “Moun ki vini jwenn mwen, mwen p ap mete yo deyò ditou” (Jan 6. 37). Nou kapab fè Jezi konfyans san gade dèyè : li mouri nan plas nou, lanmò li delivre nou. Bib la ba nou asirans : “San Jezi Kris... pirifye nou anba tout peche”. “Bondye te rachte nou... avèk san Kris la ki gen valè” (1 Pyè 1. 18, 19).

# 3

avril

**Le sang de Jésus Christ son Fils nous purifie de tout péché.** 1 Jean 1. 7

**Il ne nous a pas fait selon nos péchés, et ne nous a pas rendu selon nos iniquités.** Psaume 103. 10

## **Grâce ou vengeance**

Caïn et Abel étaient les fils du premier couple humain. Par jalousie et par haine, Caïn tue son frère. Dieu lui dit alors : “Qu’as-tu fait ? La voix du sang de ton frère crie de la terre à moi”. Le meurtre d’Abel appelle le châtement, la vengeance, la rétribution.

Le sang de Jésus, le Fils de Dieu, a coulé sur la croix. Ce sont des hommes méchants qui ont mis Jésus à mort, pourtant son sang ne parle pas aujourd’hui de vengeance. Il parle de grâce. Aujourd’hui encore cette voix peut être entendue, elle donne la réponse divine au péché de l’homme.

À la croix, Jésus, le Fils de Dieu, s’est offert en sacrifice pour des pécheurs. Il ne voulait pas que les hommes subissent la condamnation qu’ils méritaient, mais qu’ils soient graciés. Refuser ou mépriser cette grâce, c’est rester sous le châtement de Dieu.

Comment recevoir personnellement cette grâce ? En reconnaissant notre état devant Dieu et en lui disant nos fautes dans une prière sincère. Le Seigneur Jésus a dit : “Celui qui vient à moi, je ne le mettrai pas dehors” (Jean 6. 37). Nous pouvons alors faire entièrement confiance à Jésus Christ : il est mort à notre place, sa mort nous a délivrés. La Bible nous en donne la certitude : “Le sang de Jésus Christ... nous purifie de tout péché”. “Vous avez été rachetés... par le sang précieux de Christ” (1 Pierre 1. 18, 19).